



RAGAD ADVERTENTIE:
 Kabar premii: 1 — 30 temboeng f 1.—
 Langkoengpoen, saben 10 temboeng oetawi
 kirang: f 0,50.
 Advertentie limrah: f 0,15 sagaris:
 (apes: f 1,25).
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-
 pisan, oetawi moendoet dados lengganan,
 tepang rembag roemijin kalijan admini-
 stratie.

Hoofdredacteur:
B. SOEMARNA
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.



SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.



REGINPOEN LENGGANAN
 SWARA TAMA
 sampoep kalijan regining Soeara Katholiek
 1 taoen f 7,50 } njoewoen kabajar
 1/2 f 3,75 } roemijin.

Adrèspoen Redactie lan Administratie
 IGNATIUS - COLLEGE
 DJOKJAKARTA.



Drukkerij „Canisius” Djokja.

ISINIPOEN:
 Wanita ing babagan sociaal—Pembajaran paos — Sang Praboe Alfons — Peken malem — Mila makaten — Kabar saking Tegal — Tjabang Kweekschoolbond — Pakempalan Padalangan — Gramafonon plaat enggal — Film Indonesia — Mantja warni — Nétral lan Tjoepet — Ontjen sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

LARASATI

WANITA ING BABAGAN SOCIAAL.

Ing pangngenan poendi kémawon, saktinten wonten bebajaniwoen kanggé kasoelilaning para moerid, kedah kawontenaken sekolahan loehoer ingkang mligi kanggé student éstri kados ing Oxford, Cambridge, Parijs, Chicago lan Djepang.
 Pangkat dokter wanita boten ketjogah nindakaken, langkoenglangkoeng manawi perloe ngetog karosanipoen. (krachtsinspanning). Makaten poenika pamanggihipoen para winasis lan pinoendjoel, oep. prof. Waldeijer ing Berlin toewin prof. Albrecht ing Weenen. Déné andokter laré, dados toekang gigi (tandartsen) poenapa malih njamboet damel ing apotheek - apotheek kénging dipoenwastami kampi, saé sanget toemindakipoen.

2. Ngèneti kabetahanipoen brajat, boten wonten awonipoen, manawi pangreh pradja oegi ngawisana para among poetra njepeng salah sa-toenggiling pangkat loehoer. Kedah dipoenawisi toelasan? boten. (Mriksanana Sw. Tm. No. 38.) Sebabipoen poenapa? Sebabipoen wonten warni tiga, ingkang oegi sampoep kamot ing Sw. Tm. No. 38.

Oepami wanita meksa badé gadah pangkat inggil, la inggih lamban kémawon, kados wanita roemijin, ingkang kondang lan misoewoer-misoewoer inggih makaten poenika. Ananging inggih boten katabah ingkang saged makaten poenika. Dados bijoeng oetawi émah-émah poenika kanggénipoen wanita barang ingkang ménginaken sanget; dados éman, manawi namoeng kalintonana dados pokroel oetawi dokter. Inggih leres, asring wonten ingkang tjirjos (kados ingkang kamot ing „Die Frauenbewegung” taoen 1901) makaten: „pria ora kena goemampang, bandjoer doewé pangira, jèn wanita toelasan gelem baé, ora soesah ndadak bangga, manawa arep diomah-omahaké.” Poenapa inggih kados makaten kawontenanipoen? Para maos sampoep saged angoedaraos pijambak.

Tjepeng damel makaten poenika mila boten sarodjoek kalijan koewadjaban dados bijoeng, salaras kalijan pangandikanipoen pria pinoendjoel Lemira makaten: „ing djaman saiki akèh wanita, kang ngarah marang kamadjoean; sawenèh nedyo njandak kadokteran; ana oega kang arep dadi advocaat lan bokmanawa ora koerang kang ing batin doewé pangarep-arep bisa dadi minister. Kang mangkoniko ora samestiné; wong wadon koedoe didoewoeng - doewoengaké, jèn wis doewé bagéan déwé-déwé, jaitkoe: njekel departement ing sadjroning omah (departement van binnenland-sche zaken in het huisgezin) lan departement tetoeloeng marang oerip oemoem (departement van bijs-tand in de maatschappij).

O, kadang koela wanital! poma sampoep soepé bab poenika. Katabah sesanggèn koela sami, katabah oegi saged koela tetoeloeng dateng gesang sesarengan, tetoeloeng dateng adjenging bangsa kita Indonesia, sarana saéning anggèn kita nindakaken koewadjaban dados bijoeng.

PRADJA RAHAJOE.

PAMBAJARAN PAOS.
 Sanadjan jatra poenika ing tetem-

boengan kerep kémawon dipoenoen-gelaken bletoking boemi, nanging koela lan pandjenengan sadaja sami mbetahaken kanggé sarananing tjagakipoen gesang. Mekaten oegi negari sagedipoen madeg inggih kanti arta, kanggé mbajari poengganipoen, nragadi sekolahan-sekolahan, ndandosi margi-margi, ngedegaken grija-grija (Gouv. gebouwen), lan nragadi sanès-sanèsipoen. Dados negari ingkang kasipoen angok, kotong, adegipoen inggih badé oentjrit-oentjriten.

Tijang sagedipoen pikantoe arta inggih poenika margi saking nindakaken pandamelan. Déné negari angsalipoen arta margi anggènipoen dagangan, oepami sarem, tjandoe, postzegels; margi anggènipoen ngrèntenaken arta: oepami gantosan, njamboetiartadatang provincie, gemeente; lan margi anggènipoen moengtoepaos warni-warni, kadosta: inkomsten, personeel, verponding, uit en invoerrechten, lan sanès-sanèsipoen. Dados pandjenengan inggih boten goemoen oetawi kedjot menawi dipoentarik paos. Namoenng kémawon manawi panarikipoen paos katabah inggih ladjeng ndengak-ndengak.

Ing ngriki koela namoeng badé ngatoeraken tindakipoen panarikipoen paos. Sadèngingpoen pandjenengan katetepaken pinten katabhipoen anggènipoen badé bajaran paos, pandjenengan dipoentjaosi aanslagbiljet, ingkang kedah pandjenengan isèni kanti temen-temen, mitoeroet pitakènpitakènipoen kasebat ing ngrikoe. Jèn sampoep kaisènan, ladjeng kawangsoelna dateng loerah doesoep oetawi dateng kantor belasting. Let sawatawis woelan malih pandjenengan ladjeng nampi serat aanslag paos, ingkang njebataken pinten katabhipoen paos pandjenengan. Ing ngrikoe woelan pambajaraning paos oegi dipoensebataken, inggih poenika ing woelan April, Juni, Agustus, Oktober lan December. Dados paos waoe mestinipoen kedah dipoenbajar kaping gangsal loerias. Saopami paos padjenengan ing dalem satoenipoen f 100, saben woelan-tjtjilan katemtokaken mbajar f 20. Pandjenengan inggih kénging nitjil saben woelan, katabhipoen sakera, namoeng klempaking jatra tjitjilan, manawi sampoep dawah woelan pambajaran kasebat nginggil, kedah wonten f 20. Menawi pandjenengan ngantos ngloewong tjitjilan, dados sampoep mangsanipoen wekdal nitjil, dèrèng saged mbajar tjitjilan f 20, béndjing jèn pasok tjitjilan ladjeng mawi tambah dendan 5% nipoen f 20 = f 1. Menawi pandjenengan aras-arasen nitjil awit kagoengan pangalih, paosipoen badé kabajar kropjok sepisan kémawon béndjing December — (telastelastaning woelan tjitjilan) —, pandjenengan ladjeng badé mbajar f 100 + (5% nipoen f 20, ping 4) = f 100 + f 4 = f 104. Ping 4, amargi lowongipoen boten bajaran tjitjilan kaping sakawan, inggih poenika kala dawah April, Juni, Agustus lan October. *)

Kosok-wangsoelipoen, manawi pandjenengan saweg wekdal woelan tjitjilan sapisan, sampoep saged bajaran kropjok f 100 pandjenengan sampoep ngadjeng-adjeng badé angsal soedan oetawi nampi prijs.

Asring-asring kémawon serataanslag paos waoe datengipoen kasèp sanget. Kados ing taoen poenika sasomerep koela katabah para sadèrèk anggènipoen nampi serat aanslag paos waoe sampoep dawah woelan Juli. Dados paos ingkang pantjen kedah dipoenbajari sah kaping gangsal, namoeng ladjeng kedah dipoenbajar loenas kaping tiga, inggih poenika dawah ing woelan Agustus, Oktober lan December; awit woelanipoen tjitjilan ingkang April lan Juni sampoep kalangkoengan, margi wedalipoen serat aanslag kasèp.

Dados tijang pambajar paos, ingkang katabhipoen paos kados toelada ing nginggil, saben satjtjilan katetepaken mbajar f 100 : 3 = 33 roep.

*) Menawi mbajar paos kedah dateng prijantoen ingkang dipoenwadjabaken nampi paos, boten kénging dateng sanès.

33 1/2 sèn. Menawi ngantos lowong anggènipoen nitjil, inggih dipoen-denda 5% nipoen tjitjilan waoe. Jèn makaten poenika dados wekdalipoen kanggé nitjil mindak tjelak, margi tlédor anggènipoen doem-doem serataanslag paos, jatra panitjilan mindak katabhipoen. Temtoe kémawon inggih ladjeng katabah tijang ingkang kraos. Saja malih kanggé kanti ingkang anggènipoen tapi serat aanslag paos saweg woelan October, inggih saja ndengak-ndengak, awit kaeksa namoeng ladjeng saged nitjil kaping kalih toeroes loenas.

Mangga jèn makaten poenika ingkang moeroegaken ngrekaos waoe sinten? Para maos koela atoeri mbadé pijambak.

Kjai Djaka-T. A.

SANG PRABOE ALFONS.

Salebetipoen Sang Praboe Alphons ing Spanje ngandikan kanti soemanak kalijan satoenggiling burgemeester ing Inggris ngandikakaken meng-gah koewadjabanipoen ratoe ing djaman kemadjenengan poenika:

„Nomer satoenggal ratoe poenika kedah pinter. Kados-poendi kita sagedipoen nindakaken pendamelan ingkang leres, menawi boten pinter? Kita poenika tijang berah, saha kita kedah nindakaken pendamelan kados satoenggil-toenggilipoen tijang berah. Kala djaman roemijin ratoe-ratoe poenika mangagem pangagem ingkang sarwa adj sarta awis. Sapoenika kita poenika menganggé limrah. Koela poenika kalahiraken kados ratoe, boten kok koela ngadjeng-adjeng ingkang mekaten poenika, nanging amargi koela ladjeng boten saged poenapa-poenapa; pramila koela kedah njamboet damel kados tijang berah sanèsipoen, ingkang nampi berahan. Kita gesang wonten ing djaman ingkang rekaos, sangsaja ing Spanjol katabah sanget ngrekaosipoen. Nanging inggih ngrekaos poenika ingkang kanggé ngoenggoelaken djoeriting rekaosipoen.”

PEKEN MALEN.

Pemboros.

Poenapa katabah ingkang mboten roedjoek kalijan peken malem?

Inggih roemijin-roemijin peken malem poenika pantji migoenani sanget dateng rajat oetawi oemoem, djer wontenipoen peken malem poenika ratjak:

I kanggé srana pados arta ingkang kanggé kepentingan oemoem (oepami: mitoeloengi kasangsaran, ngedegaken sekolahan enz.).

II kanggé ngadjengaken keradjaning rajat. (oepami: wontenipoen tentoonstelling - tentoonstelling toewin concours warni-warni; oeger dédé concours schoonheid kémawon.)

Kedjawi poenika wontenipoen peken malem poenika (roemijin) awis-awis lan ratjakipoen namoeng ing kita ingkang ageng-ageng kémawon, oepami: Betawi, Semarang, Soerabaja, Bandoeng enz. Sapoenika kados poendi? Sapoenika presasat saben kita addeeling oetawi kita alit-alit sanèsipoen (oep.: Demak, Oengaran, Klatèn, Moentilan enz.) peken malem poenika kerep dipoen-edegaken. Menawi koela mlebet ing peken malem waoe ratjak inggih boten ketingal wonten tentoonstelling-tentoonstelling oetawi concours-concours-ipoen. Ketingal ramé namoeng woedjoed tetinggalan, lotrélotré restaurant-restaurant toewin tijang sesadéjan warni-warni. Poenapa kadjenngipoen ingkang ngedegaken? Boten sanès rak inggih namoeng kanggé pados Lan dateng poendi toemoesipoen? Poenapa boten dateng kemlarataning rajat? Wah mesakaken, sadèrèk kapitalist! Bok inggih ingkang raga poma-poma sekedik? Sadèrèk koela poenika sampoep bodo, economienipoen risak, katik angsal pendamel kados mekaten.

mBok menawi pandjenengan ladjeng mbonggakaken ingkang sami

ningali, déné poeroen. Lha inggih kémawon, sampoep dasaripoen tijang bodo, ngorong dateng tetinggalan, katik katabah ing pangiming-iming ingkang samanten! Poenapa nggoemoenaken menawi ladjeng grégah ngrogoh kantongipoen?

Negari sampoep manggalih badé ndandosi economie kita srana adada badé ngwontenaken arta sampoetan dateng penggaotan priboemi; Balai Poestaka ngedalaken boekoe; Kitab peladjaran memegang boekoe & Java Code ingkang wosipoen njaekaken economie kita, lan sadèrèk sanès katabah ingkang ngoedi, nanging sapoenika amanipoen djeboel inggih wonten!!!

Koela tjotjog sanget dateng wontenipoen peken malem ingkang toemandjanipoen migoenani dateng oemoem. Poenika pantes sanget angsal pandjoeroeng dana (Pantes mendapat toendjangan oewang). Nanging dateng wontenipoen peken malem tètèk-bèngèk ingkang damel pepalanging kemadjenengan boten moepakat sanget.

Pangapoenten
 Loetoeng Kesaroeng.

ONDERWIJS.

MILA MAKATEN!!!

Ing Sw. Tm. No. 36 tg. 18-10-'29, koela maos goebahanipoen saodara Martaja, ingkang kirang langkoeng wosipoen ngrembag prakawis gandèng kempaling kesagedanipoen moerid Volksschool saha 2e school. Kotjapa, ing ngriki koela boten badé natjad oetawi agengipoen debat keras dateng kersanipoen sad. Mtj, mandar manawi kepareng saha keleresan, malah badé njaosi lalaban sawontenipoen, ingkang soepados menggaha tetedan ngaten sageda ngindakaken segering raosipoen.

Tjobi, sapoenika dipoenoetoe, kawiwitan saking bab moerid Volksschool. Pantjen kepara njata bilih kesagedanipoen moerid Volksschool poenika gebag ratjak (klajan katab boektinipoen) langkoeng asor jèn ta katimbang kalijan moerid 2e school (masti kémawon ingkang sami inggiling klasipoen). Déné ingkang dados nalaripoen oegi sampoep kate-rangaken déning sad. Mtj. makaten: „Mangi kabekta saking bedaning leerplan Volksschool kalijan tweede school.” Poenapa déné oegi sampoep katjetakaken: „. djalaran saking sekolahan warni-warni, ingkang pamoelangan goeroe sami béda-béda.” Nitik katrangan ing nginggil poenika pantjen saja wéla-wéla sanget. Nanging poenapa sampoep tjekap saking sabab-sabab kasboet ngadjeng poenika; grajangan koela kok dèrèng njekapi, la ladjeng kados-poendi?

Moerih sawatawis radi ketingal tjeta, nalar² waoe koela dapoek dados 3 golongan, a) saking bab kawontenaning (kesagedanipoen) goeroe. b) gesanging goeroe (bajar). c) sarta bab kawontenaning pamoelanganipoen.

Ing pml. angka 2 (tweede school) poenika goeroenipoen apes mblebes G.B. (goeroe bantoe), minggahipoen babaran N.S. (normaalschool), malah² ingkang saking Kw.S. (Kweek-school) oegi boten kirang; para goeroe waoe mestinipoen ing bab theorie langkoeng soegih, saja malih ing babagan koepija, déné prakawis patraping pamoelang (practijk) mbokmanawi inggih langkoeng mondjo. Ha, poenika sabab ingkang angka satoenggal.

Kabekta saking diploma (akte) lss. goeroe ing pml. angka kalih, tetep langkoeng moelja tinimbang kalijan G.D. (goeroe doesoep), awit sinten ingkang bregas aktenipoen, inggih setaproek pamedalipoen (samanten waoe bilih katindakaken); djer prakawis poenika Kg. Goepermèn tek-sih mawang sanget, kabekta saking kasagahan lan pradjangdjian. Njata sanget, kesagedan saha pamedaling goeroe angka kalih tikèl bregas tinimbang kalijan G.D. saja jèn man-was kamoeljanipoen. Poenika sabab

ingkang no. 2. Déné djalaran ingkang no. 3 i.p. para noepiksa temtoe sampoep boten semang² ing panimbang, menggahing kawontenanipoen (woedjoed djawi nglebet) pml. doesoep katanding lan pml. angka kalih. Woedjoeding grija pml. angka 2 ndjenggarang ageng apandjang toer sarwa asri, djrambahipoen aloes akintjlong, doenoengipoen ratjak² wonten ing papan ingkang ramé. Bab wontenipoen handleiding saha leermiddelen oegi mepaki. Hla poenika ta kagaliha!

Sapoenika gentos milem kawontenanipoen saodara doesoep saha sekolahanipoen. Ing ngriki koela boten soemedyo ngoedal sapinten kasagedan (theorie) saha practijkipoen sad. G.D., djer poenika sadaja sampoep sami ngawoeningani. Wasana ingkang koela toedjoe kados-poendi menggahing panggesanganipoen kadang G.D. Nitik gelaripoen, blandjanipoen G. D. poenika pantjen inggih dèrèng, toer kala samanten toemindak pambajaran kantoen (achteruit betaling), ta harak makin kodjoer kénjoer. Alantaran kirang arta, ngagesang boten saged sampoerna. Mangka sad. G.D. pantjen kirang jektos (bajaranipoen), sampoep malih kanggé gesang tjara modern, tijang kanggé noetoeti tjara sapantes kémawon kapétang Pramila salebetipoen nindakaken pakarjan, kepekasa poen pikiran mbokmanawi ngoelandara, nggagas manéka-néka, anoe-anoe-anoe, ah ngoong - bingooong. Inggih makaten waoe mangka kanti-tja arta adjeg tekort, mangga kados-poendi? Poenapa boten moeroegaken awoning pamoelang? mBak sriwing koela radi ajem (toer koela boten kedjebloegan), tosipoen Volksraad sampoep ngadjengi dateng G.D. 1e benoeming f 20, ha ning éngga sapriki kok dèrèng wonten timboelipoen. Tjobi kaentosan!!

Toemoenten woedjoeding pml. doesoep, ratjakipoen sami kirang njenengaken, déné bab pirantoesing pamoelangan oegi kirang maremaken. Dados lajak kémawon manawi moerid² inggih kirang kraos, saja goeroenipoen, istingarrah kados déné kadjjat. La kados-poendi bilih makaten kawontenanipoen, poenapa wohipoen inggih saged njenengaken? Kinten koela boten! Éwasamanten koela naté mireng ngendikakipoen tijang saged: „Ing tanah Éropa, ratjak² pml. kang ngoetjwani woedjoed lan pirantiné, moeridé malah peng²an.” Nanging gagasan koela pml. ingkang dipoenngendikakaken waoe boten pml. sembarangan, dados inggih Hoogeschool totok. Lan ing tanah ngrikoe alamipoen béda kalijan ngriki, awit ing ngrikoe sampoep ngलग्गahi djaman madjoe (vooruitgang); wangsoel djaman ngriki harak saweg nama brikib-brikib saking sabribil. Poeter malih sakedik dateng nasibipoen G.D. Wonten tijang ingkang moengel: „Oeriping G.D. ikoe ditanding karo prabot désa baé wis kontit banget.” Ta, hara, mangka G. D. poenika prijantoen.

Woesana poenggeling atoe koela, manawi badé pinanggih ing gandumipoen, kedah pml. Cursus G.D. dipoenindaki (kainggilaken) piwoelang saha bregasipoen, bab blandja oegi idem. Déné pml. (woedjoed ndjawi nglebet) oegi idem kamontjèraken. Insja Allah manawi sampoep makaten, mbokbilih saged njenengaken wohipoen. Wasana sadaja lepat mangsa borong.

noewoen: H. MÈMPER.

KABAR SAKING TEGAL.

Wiwit madegipoen R. K. H. C. S. ing Tegal saéngga dinten poenika ± wonten moerid 300 san. Mila ing riki kaadegan H. C. S., amargi publik mbetahaken; wakil regeering kasawoenan dèrèng saged minangkani. Éwasamanten sareng sampoep madeg, let sawatawis woelan regeering ladjeng ngwontenaken H. C. S. Pramila berkahing Goesti saha sembahjanganipoen para kadang

Kath. moerakabana dateng kawontenan poenika.

Sawatawis woelan malih Tegal badé karawoehan Broeder lan Pastoer malih; inggih poenika gangingpoen badé adeding Missie ing Tegal. Broeder waoe badé mbikak H.I.S. wonten ing Slawi bédjng Juni '30. Sapoenika idin sampoen medal, sampoen nampi moerid ± 53.

SAKING PAKEMPALAN.

TJABANG KWEKSCHOOL BOND ÉNGGAL ING TOELOENGAGOENG.

Kala tanggal 27-10-29 para sadèrèk goeroe-goeroe wedalan Kwekschool ing koekoeban kaboepatèn Toeloeng Agoeng sami ngwontenaken pakempalan wonten ing dalemipoen saodara M.V. Martosoewigjo. Menggah toedjoenipoen sami kempalan waoe badé ngedegaken tjabang Kwekschool Bond. Déné ingkang sami rawoeh wonten sadèrèk goeroe 10, mawi katangganan mantri politie 2, minangka wakiling pamaréntah.

Djam 9.20 éndjing pakempalan dipoenbikak déning saod. M. V. Martosoewigjo, inggih poenika voorzitteripoen comité van oprichting. Sasampoenipoen pandjenenganipoen asoeng pambagja soeeng rawoeh dateng ingkang sami ndjenengi pakempalan saha dateng wakiling pamaréntah, ladjeng sesorah, ingkang wosipoen karingkes kados ing ngandap poenika:

I. Toedjoenipoen ngempal, ngraketaken anggènipoen sami sadèrèkan para goeroe-goeroe wedalan Kwekschool.

II. Sageda sami toeloeng-toeloeng ing samoekawis, saja-saja ing babagan onderwijs.

III. Ing sarèhning kala roemijin sama sami sekolahanipoen saha sami piwoetjalipoen, moegi karsaa ngempal dados sagolongan.

IV. Sageda asesarengan ngrembag toedjoenipoen saha kabetahanipoen sarana ngambah margi satoenggal.

V. Gesangipoen tjang ingkang namoeng ngrembag kabetahanipoen pijambak (eigenbelang), saha tjang ingkang ngrembag kabetahanipoen oemoem (algemeen belang).

VI. Pitakèn poenapa ingkang rawoeh mbetahaken adeding tjabang Kwekschool Bond.

Wangsoelanipoen, sedaja sadèrèk goeroe 10 ingkang sami rawoeh sami moepakat wontenipoen tjabang K.B. madeg ing Toeloeng Agoeng, sarta oegi sadaja ladjeng karsa dados warga.

Woesana saodara M. Kartoatmodjo ladjeng sesorah:

I. Kados-poendi kawontenanipoen pakempalan-pakempalan.

II. Klempaking golongan-golongan sami manonggal dados satoenggal golongan.

III. Toedjoenipoen Kwekschool Bond.

IV. Maos verslag sesorahipoen saod. Prawirodinoto wonten ing Congres kapengker.

V. Maos Statuten K.B.

Déné ingkang kapilih bestuur ing tjabang K.B. énggal waoe inggih poenika:

M. Kartoatmodjo voorzitter.
M. V. Martosoewigjo secretaris tevens penningmeester.

R.M.C. Soedarminto commissaris. Pembajaran contributie, kedjawi ingkang mligi kanggé Hoofdbestuur K.B. inggih poenika sataoen 10% pamedal ingkang katampi ing woelan Djanowari, saben warga kapatah mbayar 25 c. sawoelan, kanhgé tjabang pijambak.

Djam 11.15 sareng sampoen telas ingkang perloe karembag, pakempalan dipoentoetoe déning voorzitteripoen tjabang K.B., ingkang mentas madeg poenika.

PAKEMPALAN PEDALANGAN.

Nalika tanggal 21 October 1929 wonten parepatan pedalangan, manggèn ing Adipidjanan, ingkang rawoeh para siswa Habiranda toewin ingkang sampoen poetoos ing pasinaon dalang.

Inggah karembag:

1. djalaran wonten rembag ingkang adamel gendra kanggé sdr. Ngajodja, pakempalan Delangbond ingkang sampoen madeg kasoewak babar pisan.

2. ngedegaken pakempalan pedalangan énggal, ingkang lidipoen sampoen sanggem lan mantep.

3. ngrembag wontenipoen pranatan-pranatan énggal.

Menggah wontenipoen statuten kados ing ngandap poenika:

art. 1. Pakempalan dalang poenika kawastanan:

Katholieka Krida Poerwaka, manggèn ing kita Ngajodja-karta, kaadegaken nalika tanggal 21-10-1929, laminipoen 29 taoen, kaétang wiwit madinging pakempalan; taoening pakempalan manoet pétangan almenak i.p. Januari.

art. 2. Toedjoenipoen:

a. ngoedi sagedipoen mentjaraken, ngèlmoé kasampoernan ingkang sampoen kaparingaken déning Pangéran dateng manongsa, sarana medal karwoeh pedalangan.

b. njampoernakaken kagoenan pedalangan.

art. 3. Srananipoen.

kanggé a. art. 2.

1. ngawontenaken sesorah bab ngèlmoé kasampoernan.

2. nglempakaken boekoe - boekoe ingkang ngemot bab ngèlmoé kasampoernan.

3. ngawontenaken sesorah bab toelada saé ing salebeting andalang.

kanggé b. art. 2.

1. nglempakaken oeba-rampéning ringgit.

2. nglempakaken boekoe - boekoe pedalangan.

3. sesorah kawroeh pedalangan.

4. metik kasagedaning dalang ingkang sampoen misoewoer.

art. 4. Ingkang kénging dados warga:

a. sadaja tjang katholiek ingkang sampoen poetoos (doorloopen) ing pasinaon dalang, saha ingkang taksih dados moerid dalang.

b. déné sanèsipoen kénging dados buitengewoon lid oetawi donateur.

art. 5. Wragadipoen:

1. njamboet jatra dateng lidipoen.

2. contributie saking moerid dalang.

3. saking donateur.

4. saking moerid lid buitengewoon.

5. mendet 20% saking pitoewasing andalang ingkang sampoen resik.

art. 6. Katholiec Krida Poerwaka kedah gadah Geestelijk Adviseur lan Beschermheilige.

Geestelijk Adviseur njoewoen Frater P. Darmosepoetra.*

Beschermheilige: St. Fransiscus Xaverius.

art. 7. Bab tanggapan K.K.P. ngawontenaken pranatan gratis lan boten.

N. B. Bab gratis samangsa boten wonten ingkang poeroen, kedah dipoenlotrè.

Bab boten gratis, manawi boten dipoendoemoek ingkang neda, kedah kapilih repartan bestuur oetawi kaendi.

Bab ongkosan K. K. P. njoekani antjer-antjer f 50 noenggil sadjadjahan Ngajodja-karta; déné medal kita ingkang nragadi lampah kedah ingkang nganggap.

Manawi f 50 poenika wonten kawratanipoen, praologi sarembag kalijan bestuur.

art. 8. Éwah oetawi tambahing statuten kedah kamoepakatan pakempalan warga apes 3/4 tipoen warga sadaja.

art. 9. Manawi K. K. P. kabibaraken kedah kapoetoos repartan warga apes 3/4 tipoen tjatjahing warga sadaja; déné sadaja barang gegadahaniipoen K. K. P. kapasrahaken dateng Missie.

—o—

Wondéné pangrèhing K. K. P. inggih poenika:

sdr. D. Soetono voorzitter.

" L. Jadiran Secretaris.

" Markidja Penningmeester.

" Soegija Commissaris.

" Soepomo Commissaris.

Wasana kempalan bibaran kanti wilodjeng lan mawi ngloehoeraken Goesti.

V A R I A.

GRAMAFOON PLAAT ÉNGGAL.

1. Idjab énggal-énggalan. Ing Indianapolis mentas wonten tjang idjab modèl baroe, i.p. tepang saweg satengah djam teroes idjab. Wé kok rikat temen ja? Apa lakoe electris?

Ing Braaklijn oegi wonten kados mekatan poenika. Wonten architect sampoen oemoer 32 taoen; sarèhning katah pedamelanipoen, dados boten saged mikir prakawis sanès.

Bapakipoen njrijosi, mrajogèkkaken soepados anakipoen waoe énggala rabi, awit blandjanipoen sampoen katah.

nDara architect mitoeroet dawoehing bapa, teroes késah manggihhi nona tepanganipoen. Sanalika poenika nona teroes dipoentakèni, dipoendjak idjab.

Nona dèrèng ngantos mangsoeli, margi saking kagètipoen, djalaran boten njana babar pisan, ndara architect sampoen meksa neda wangsoelan sanalika!!!

Boten dangoe sampoen dipoend-idjabaken déning satoenggaling pandita (dominé). nDara architect wangsoel sampoen sarimbitan, matoer bapakipoen jèn dawoehipoen sampoen dipoentèstokaken.

Kok saé inggih dongèng nginggil poenika?? Nas ding, dédé dongèng babad kok.

Poenapa kados makaten poenika netepi paribasan: "Tijd is geld" poenika?? Jak inggih boten toemrap!! Tijang kados mekatan poenika perloe nganggé wekdal ingkang pandjang, perloe kanggé niti wewatekan satoenggal lan satoenggalipoen. Mila P. S. dawoeh dateng para nèm-nèman Katolik, menawi

* Makaten poenika kedah njoewoen priksa Kangdjeng Biskop roemijin, awit pandjenenganipoen ingkang mbenoem Geestelijke Adviseur. Red.

badé nampi soesilaning akrama samia pepatjangan roemijin, soepados laras kedadosanipoen. Éman sanget, menawi kawontenan ing nginggil poenika ngantos toemoelar dateng kita bangsa Djwi. Jèn keteroes-teroes rak ngitjalaken kamanoengsan, ladjeng kados kéwan.

Kawontenaning djaman poenika pantjen anèh-anèh kémawon!! Poenika waoe poenapa toeggilipoen concurs nettig en schoonheid poenika?

2. Nembé mangké P. S. I. ngoedi éwahing predjandjian idjab (ningkah) kanggé oemat Islam, sarta oegi sampoen kelampahan éwah. Déné éwah-éwah énggal poenika wosipoen ngindakaken kwaosipoen (kadladjanipoen) tijang èstri ing atasing salaki-rabi, sampoen ngantos tjang èstri namoeng kanggé kasenengan kémawon. Awit sok wonten ingkang moengel: "Ora seneng ja wis djelèh ja disingkiraké baé, alijas dipegat. Dados wosipoen ingkang saèstoe, ngengèngèl wontenipoen pegatan.

É, lha bok inggih ngitjali wontenipoen pegatan kémawon kados-poendi? Dados babar pisan anggènipoen ngéwahi. Poenapa kawraten njirnakaken pegatan???

Margi éwahing predjandjian idjab poenika waoe, pandjenenganipoen S. M. Kartasoewirja secretaris P. S. I. njontoni idjab mawi predjandjian énggal kala 22 Mei, wonten ing Malang.

3. Bangsa Neger. Sampoen mataoen-taen bangsa Neger tansah kawartos wonten ing poendi-poendi, bilih bangsa Neger poenika sami kanggé batoer toembasan.

Malah sapoenika tjang Arab wonten ingkang gramèn tjang Neger malih.

Bangsa Neger ingkang woten ing Amérikah sapoenika wuwit ngatingalaken kamisoewoeraning namaning perloe kanggé ndjoendjoeng bangsanipoen. Sapoenika katahing-kang misoewoer;

a. Ing kasagedanipoen, ka-

—o—

VAN LITH-STICHTING

Jejasan

ingkang badé toemoet

ANDJAGI

kabetahanipoen gotrah

Djawi Katholiec

ing

tembé wingking wadjib

KITA SENTOSAKAKEN

Pangrèh V. L. S.

p/a Bijz. H. I. S.

Magelang.

dosta: Harrij Burleigh, Nathaniel Dett, Samuel Coleridge lsp.

b. Gambaranipoen lan damelanipoen retja, kados: E. N. Bannister, William E. Scott, Tanner lsp. Gambaranipoen Tanner margi saking saèniipoen katah ingkang soemimpun wonten ing Parijs.

c. Landbouw, Prof George Carver sanget anggènipoen ngadjenngaken kawroeh tetanèn.

Kedjawi poenika oegi katah ingkang misoewoer margi anggènipoen dados Zanger lan tooneelspeler.

Bangsa Indonesia, i.p. bangsa Dajak lan Papoewa kados-poendi? Mangga samia noetoeti!!!!

MARTAJA.

FILM INDONESIA!!

Temboeng "Indonesia" lan "Indonesia" pantjen saweg populair ing wekdal mangké wonten ing Noeswantara, minangka gegentosipoen temboeng "Ned. Indië" lan "Inlander oetawi Inheemsche, Inboorling sakomplotipoen. Temboeng énggal kakalih waoe sadjak nggadahi Geest moeda; langkoeng-langkoeng wonten ing kalanganing kaom intellect. Ing sakawit ingkang poeroen nganggé namoeng bangsa kita; ladjeng mrèmèn dateng sadèrèk Tjina. Golongan petak ing wuwitan sadjak kipa-kipa, boten poeroen nggapé; "apa ta koewi." Katah toelada-toeladanipoen. Nanging...; wonten nangingipoen, boten let dangoe koran-koran petak inggih ladjeng poeroen, sanadjan sadjak moengkag-moengkoeg, didjik poenapa kados-poendi. (boten sadaja).

É, wonten nangingipoen malih! Mak bedengoes... Mr. J. J. Schrieke, tilas Regeerings-gemachtigde lan satoenggiling djempolan foelitide lan wonten ing boekoenipoen ingkang atitel: "De Indische politiek" atoer pamrajogi, soepados temboeng "Indonesia" oegi kaakenana ing Regeering, kanggé njoeda notoling golongan kiwa ingkang...

NÉTRAL LAN TJOEPET.

1. Nétral. Serat-serat kabar ing nagari Welandi mentas ngewrat potrètipoen ingkang minoelja Prins Hendrik, nalika wonten ing Poeldijk; Prins Hendrik waoe saweg mijos saking St. Vincentius-gebouw, nembé mbikak lan ndjoemenengi setèlengan (tentoonstelling). Potrèt waoe saé, tjeta, boten ngoetjiani lan nginggil kori katingal méglawaweng seratan, ingkang moengel makaten: "St. Vincentius-Vereeniging."

Nanging kawoeningana!! "Pandji Poestaka", ingkang nembé medal nalika tanggal 8 woelan Novèmber 1929 oegi ngewrat potrèt kasboet nginggil. Ananging sajang sanget!!! Margi poenapa oetawi kados-poendi... (jèn kapinoedjon, kok nama anèh) koela boten patos terang; potrèt waoe ing sisih nginggil kaitjalaran; dados seratan "St. Vincentius-Vereeniging" boten katooet kapasang.

Lan ing ngrikoe lestantoen dipoentjarjosaken bilih ingkang minoelja Prins Hendrik nembé tindak saking setèlengan.

Koela ragi goemoen tindak makaten poenika!! Poenapadéné potrèt saé-saé teka dipoenringkes makaten poenika? Kirang papan? Nama nglngkara. Poenapa para maos "Pandji Poestaka" boten kénging mangertos, bilih Prins Hendrik oegi ngrawoehi Katholieke inrichtingen????? O, O nétral, kowé nétral, temboeng nétral kang kakehan pokal!!

2. Tjoepet. Pening sapoenika lo sadèrèk. Ngatos-atos ingkang prajitna. Sepinten kémawon bingahipoen manah koela mireng lan saged njipati pijambak adjenging bangsa wanita. Wanita sapoenika sampoen soemedy madjeng sesarengan lan prija. Wanita boten menggali èwed-pakèwed, boten menggali roebeding pangagem. Pantès kineplok. Namong éman sakedik; déné ingkang katah-katah boten tinoentoen boedi padang, namoeng noeroeti pengraos; mila inggih ladjeng keblinger oetawi kelantoe-lantoe anggènipoen anggeggi pamanggihipoen pijambak oetawi migoenakaken sebab, ingkang pantjen boten kénging kanggé njebabaken; éman, déné kesangneten anggènipoen ngewrataken pangraos, ladjeng njimpang saking leres; awon winastan saé, saé winada awon.

Oepaminipoen kémawon goe-

Pararta.

extremistisch! (... een poging om den extremisten de wind uit de zeilen te nemen). Ing wet prajogi kaserata "Indonesiërs lan Nederlanders." Ingkang kagolong "Indonesiërs" i.p. Inheemsche lan Uithheemsche onderdanen ingkang boten kagolong Nederlanders lan ingkang kasamèkaken lan poenika! Dados bangsa kita, Tjina, Arab poenika kagolong "Indonesiërs."

Gegajoetan lan bab poenika, nitik swanten-swantening s. k. Tjina, taksih warni-warni sanget! Kénging koela atoeraken, kados déné ing artikel koela "film-Tjina" sad. Tjina dèrèng gadah standpunt; ndjalari Bintang Timoer kapeksa pitakèn dateng koran Tjina sawatawis, kalebet oegi "Perniagaan" kados-poendi standpunt Tjina!

Gandènglan, "Gelijkstelling" kados-poendi poenapa poeroen kasamèkaken lan "Indonesiërs?" Poenika satoenggiling pitakèn ingkang boten gampil wangsoel-wangsoelanipoen; kedjawi jèn bangsa ing tn. Indonesia sadaja dipoensamèkaken; kados déné pametjanipoen (poenapa prajogi) saking "Soer. Handelsblad" ingkang oegi sampoen naté koela atoeraken!!

Poenapa kados atoer koela ing nginggil poenika gampil toemindakipoen? Mangga koela atoeri manggali pijambak!

Wonten sad. Tjina, (pranakan) sawatawis ingkang sami damel artikel ing s. s. k. Tjina, wosipoen pro lan Mr. J. J. Schrieke; mila Tjina perloe oegi angsal volle burgerrechten. É, jèn ngono apa ngemohi "gelijkstelling"?

Sad. Tjina sagah dados onderdaan Reg. sapoenika makaten doemoeginipoen mbédjng tn. Indonesia bawoer pijambak, kanti netepi sadaja wadjibipoen; nanging oegi... kedah angsal volle burgerrechten!

Ing nginggil koela matoer makaten! Djeboel.... Sin Po mak bedengoes ngodjok-odjoki "lebi baik soedarakoe pranakan Chineezen mendjadi vreemdelingen adje" dados...! dados pro lan "gelijkstelling".

Wonten malih ingkang kengeng "de pranakan Chineezen zijn ook de kinderen van dit land" trep kados atoer koela roemijin, ing film Tjina i.p. "endi sing bisa mblendokaké wetingkoe ja koewi tanah woetah getihkoel!

B. Timoer takèn "Kaprijé houdingé Tjina?"

bahanipoen Rr. Siti-Soeharti ing serat "Kedjawèn" angka 88 tanggal 2 November 1929. Poenika wanita prasadja, Mbokmanawi loehoer ing sedy; boten rikah-rikoeh ngagem tapak asma wanita Djawi kolot; ananging kémawon teka ladjeng kekoloten, djalaran saking... Goebahan waoe ringkesanipoen makaten: pradjandjian ala koedoe ditoeoni; kaantepan ala koedoe ditindakaké. Dados soedoek djiwa kados Dèwi Setyawati lan Siti-Soendari poenika kedah dados pangalaman. Sareng Angling Darma, ingkang boten noetoeti ingkang garwa anggeboer ing latoe, poenika nata soelaja ing oebangga, boten sabda pandita ratoe, kaantepanipoen namoeng wontening lati kémawon,

Para sadèrèk! ing ngriki boten soesah karembag, poenapa lèlampahan kados makaten poenika toemindak kala djaman roemijin, liripoen, poenapa Dèwi-Dèwi waoe jektos wonten saèstoe ing djaman poerwa; sebab poenapa boten karembag? sebab kita sampoen jakin, manawi poenika namoeng dedoenggan kémawon.

Déné saoeami kalampahan saèstoe (sadjatosipoen boten) pama-was kita sampoen tjeta sanget: soedoek salira poenika boten kénging babar pisan; boten wonten kaperloean, boten wonten panggénan oetawi djaman, ingkang saged dados djalaranipoen tjang kénging medjahi badanipoen pijambak. Sebabipoen?? Sinten boten priksa bab poenika? Gesang poenika peparip Dalem ingkang Maha Agoeng dateng manongsa lan wonten ing pangoe-waosipoen ingkang Asipat Gesang. Mila sinten ingkang soedoek salira, temtoe kalepatan ing ngarsa Dalem Goesti Allah, kadosdéné tjang ingkang medjahi abdi, temtoe kalepatan dateng bendaranipoen abdi waoe. Namong Pandjenenganipoen pribadi ingkang kagoengan pangoe-waos menggahing pedjah lan gesang. Tijang poenika toemitah, dados inggih abdi lan kagoenganipoen ingkang nitahaken, mila boten kénging sapoeroen-poeroenipoen panganggepipoen dateng gesang waoe.

Makaten poenika sadèrèk kaantepan kita, dados boten ngoegemi dongèngan ngaja-wara.

Wonten ingkang mangsoeli "mbèlani Indonesiërs" tandanipoen ing s. s. k. Tjina, poenapa boten ngrembag oegi kanggé kabetahaning sad. Indonesiërs? Poenapa boten katah sad. Indonesiërs ingkang dados "djonrales" s. k. Tjina?

É, é, katrangé olèhé kempling! Sadèrèk, koela boten badé damel soedaning raketipoen broederschap ing sad. Tjina lan Indonesiërs; nanging kita "als de zonen der Indonesiërs" wadjib ngertos dateng goetat-goetting golongan-golongan ing tn. Indonesia, kanggé pandom; moerih tansah ngambahi margi ingkang boten damel pitoenaning bangsa kita!

Doemoegi samanten roemijin!

Bambang Hercules.

MANTJA WARNI.

1. Ébahing djaman!

Pamireng koela! Djagad sapoenika sami mangajoen katentreman. Nanging poenapa... saged kaleksanan? ... poenika woedjoed tjangkriman ingkang angèl batanganipoen! Zedelijkelichamen taksih katingal kisoroeh, Zedenbederf kados boten trimah kèndel tenjoek?; kaom actie rebat doetjoeng kalijan reactie; parlementarisme ingkang roemijin dados pepénginaning djagad, katingal boten sah saking pangaribawa; timboeling dictatorschap ing Itali, ingkang saweg ngambrot menoehi ngartja pada, sapoenika kataman roebèda. Djalaran ngèneti manongsa namoeng tjang, sang kaloka Mussolini wekdal poenika winaratosaken toemoet tjampoer prakawis radja pedjah, ingkang akorban Mattcote.

2. Amerika ingkang sapoenika sasat saweg winongwong ing djawata, tansah katingal mindak sajtjengkang, madjeng salangkah ing bab poenapa-poenapanipoen! Mac Donald lan Hoover katingal anggènipoen badé njingkiri prakawis perang.

3. Inggris ingkang pangoe-waosipoen ngeloen djagad, sapoenika boten sah roebedingan koloni-nipoen ingkang sami kepéngin kamardikan, lan wangsoeling wewenang.

Tjekakipoen bawana gangsal, sapoenikanipoen saweg alam-alaman "alap-alap" kamardikan lan indaking wewenang.

Grédja Agoeng S. Theresia.

Grédja Agoeng S. Theresia ke-kasihipoen Sang Timoer ing Lisieux sampoen kagarap. Tjalonipoen ageng saestoe. Ngarsa dalem pijambak paring nawala ngandikakaken danganing panggali toemrap Grédja ingkang wiyit kagarap waoe. Djembering pasitèn ingkang dipoendegi Grédja kaseboet wonten 5. H. A. Arsitèkipoen: Louis Cordonnier ingkang roemijin oegi ngarsitèki grija Vredespaleis ing Den Haag.

Sowanipoen para nénéman.

Ing salebetipoen woelan September, ngarsa dalem ingkang Sinoehoen Kangdjeng S. Rama nampi pisowanipoen nénéman Belgi warganing pakempalan Jeugdorganisatie, tjtahipoen boten kirang saking 1700. Anggènipoen sami sowan dateng Roem waoe njoewoen pangésto anggènipoen soemedia ambangoen Karadjan Dalem Sang Kristoes wonten djagading pakarjan lan djagading para nénéman.

Kathedraal ing Mesir.

Goepemèn Mesir dèrèng dangoe poenika njadé siti dateng Apostolisch Vicariaat ing soesoekan Suez, kalajan regi 400.000 francs. Mangka leresipoen saged padjeng 2¼ joeta francs. Tanah waoe doemoeoeng tjaket pasisir Port Said, djemberipoen 4750 meter pesagi. Tanah waoe tjalon kadegan Grédja Agoeng.

Giovanni Papini.

Giovanni Papini sampoen ram-poeng anggènipoen damel boekoe bab St. Agoestinos. Boekoe waoe ngewrat tjandra-tjandraning soekma, soegengipoen sang poedjangga, poenapadéni pakarjan-pakarjanipoen.

Papini njoekani wewenang mretal wonten basa Walandi dateng njonjah Ellen Russe.

Atlas Missie karanganipoen P. Kleijntjes.

Pastoer Jos. Kleijntjes S. J., damel atlas-missie ing Indonesia kalijan Indija Kilèn. Saking saénipoen ngantos pikantoe tarimakasih saking ngarsa dalem kangdjeng S. Rama loemantar seratiipoen kangdjeng Kardinaal Gasparri kala tanggal 7 September.

Pangagengipoen Imam poetra St. Dominikoes.

Pandjenenganipoen Pastoer Martinus Gillet kapilih dados Djéndral Magister-ipoen para imam poetra St. Dominikoes.

Pastoer M. Gillet sapoenika sampoen joeswa 52 taen, loemebet wonten orde St. Dominikoes kala taen 1897, djinebadan dados Imam taen 1904.

Pandjenenganipoen misoewoer ahli njerat, langkoeng-langkoeng babagan panggoela-wentah. Taen 1908, asmanipoen pastoer Gillet sampoen kondang margi sesorahipoen wonten sangdjenging student Leuven bab „l' Education du Caractère” ingkang oegi ladjeng kapretal wonten ing basa Walandi mawi nama „Karaktervorming” (Pambangoening watak).

Babadipoen tijang martobat dados Katholiek.

Anoedjoe satoenggiling wekdal graaf van Iddelsteigh anjarjosaken babadipoen anggènipoen loemebet Katholiek, wonten parepatan oemoem ing London.

Nalika pandjenenganipoen kaetoetoes minister pangadjaran dateng

Hindoe oegi rawoeh wonten Goa, i. p. papan doenoenging saliranipoen St. Fr. Xaverius ingkang sanget ngadji-adjé déning golongan Katholiek. „Akoé ana sangarepé Altaar. Sanadyan akoé ora bisa djèngkèng kaja wong-wong lijané, nanging akoé meksa karasa kasrambahan pangandel. Rasaning atikoe ora kena daksajoeti: soemedia njoewoen papadag lan pantoentoé sang Soetji maoe. Ija dèk samono koewi anggonkoe andjangkah kang sapisanan mleboe menjang Katholiek.”

Graaf waoe oegi njarijosaken bilih raos ingkang doemoeoeng ing djagading Portugal ingkang namoeng satoemlik poenika, sanget Katholiek. Ing poendi-poendi wonten Grédja, kapèl sarta salib toeroet margi. Wonten poendi-poendi tijang saged mireng lontjèng kanggé tengara sembahjang „Malaékát Dalem.” Sanadyan sanget kinoeja-koeja, Goa-kina taksih anggadhahi Grédja lan wihara² wedalan abad 16. Sariranipoen St. Franciscus ingkang doemoeogi sapriki taksih waras wiris, kasarekaken wonten salebeting Grédjanipoen Imam Jezuiet.

Serat kabar Kath. ing Hongarije.

Pakempalanipoen para journalist poenapadéni ahli ngarang Katholiek amoetoesi: ngintoenaken nénéman nénéman Kath. ingkang wasis dateng nagari sanès, preloe ngimbeti seserepanipoen. Ing taen poenika wonten moeda Kath. kakintoenaken dateng Itali toewin Djerman, preloe njinaoe pakempalan-pakempalan Katholiek ingkang ageng-ageng ing ngrika.

Golongan ahli ngarang sawatawis sami damel encyclopadie-Katholiek sinerat mawi basa Honggar. Boekoe waoe tjalon ngewratsawarning prakawis ingkang kedah kasoemerepan gotrah Katholiek.

Seminarie énggal.

Ngarsa dalem sampoen marengaken adeding seminarie-orthodox ingkang kanggé imam orthodox Roeslan. Seminarie énggal poenika sedyanipoen mangsoelaken pasamoewan orthodox-Roes dateng pasamoewan Katholiek. Doenoenging Seminarie waoe wonten kita Vaticaana sarta dipoenpangagengi Imam Jezuiet.

Tijang ingkang ngambah Kita Soetji.

Wiwit bédjng tanggal 31 Dec. sadaja tijang ingkang dédè kawoelanipoen pradja Vaticaana, mangka badé malebet wonten boemi dalem Kg. S. Rama, kedah ambekta pas ingkang absah katedahaken dateng goepernoering kradjan Vaticaana. Pas waoe kedah wonten tapak-asmanipoen wawakil dalem, ing nagarinipoen tijang ingkang badé mlebet wonten Kita Soetji. Montor-montor lan toetoempakan sanèsipoen ingkang ngambah boemi Vaticaana inggih tjalon dipoenwonteni pranatan. Kedjawi poenika, wiwit dinten waoe boten kénging sok tjijanga dados djoeroe anedahaken margi wonten salebetipoen Kita Soetji. Tijang ingkang dados djoeroe atedah margi kedah anggadhahi diploma manawi pantjèn saged nindakaken pakarjan waoe! Sinten ingkang nradjng wawaler poenika, kapatrapan denda 4500 lire, oetawi oekoem koendjara dangoedangoenipoen tigang woelan.

anipoen para anèm sami karsa anandangi. Jong Java, lan pakempalan-pakempalan wanita, poenapa boten saged toemandang teteoeloeng? Koela kèngetan, ing parepatanipoen golongan wanita ingkang kelampahanipoen dèrèng dangoe wonten Bandoeng, wonten wanita medar sabda ingkang soeraos anganggep awon dateng tindaking para kagoeng poenggawa nagari lss. ingkang sabèn éndjing sami adang-adang wanita ingkang badé sakolah lss. Patrap ingkang makaten poenika saestoe saroe ngisinsini, njapèlèkaken daradjading wanita.

Panatjad ingkang makaten saking golongan wanita wonten madyaning parepatan oemoem, saking pamanah koela mesti katah dajanipoen. Sinten malih prijantoeipoen, oetawi pakempalan ingkang tanpa was soemelang poeroen roemesa kasoelaning bangsa?? Red. Sw. T.)

Prijantoe nagari ingkang sampoen kalepatan.

Katjaris, Paréntah mentas andawoehaken dateng para panganggep wewes, paring soemerep: samangké Paréntah boten kagoengan pakèwed angangkat malih para prijantoe nagari ingkang sampoen naté kakeondjara oetawi kénging prakawis, waton pikantoe panimbangipoen pangrèh pradja ingkang ambawaken ing ngrikoe, kanti wawaton pamrajoginipoen inspectie reclasering.

Panitia apjoen jasan Volkenbond.

Kala 6 Nov. panitia jasan Volkenbond babagan prakawis apjoen: toewan Ekstraand (pangarsa), Rembong (panitia ngiras stenograaf) Gerard lan Havlassa (sami warga) dateng wonten Tandjoeng Prijoek. Sijangipoen panitia waoe sami parepatan kalijan inspecteur apjoen toewan Van der Rest. Panitia waoe anggènipoen wonten ngrika tjalon tigang minggu, ingkang 8 dinten wonten tanah Djawi, ingkang 13 dinten wontan Bangka lan Soematra pasisir Wétan.

Provinciale Raad Djawi Tengah.

Tijang Indonesia ingkang kapilih dados warganing provinciale Raad Djawi Tengah, manoe kantor setéman kados ing ngadap poenika:

- I. Kieskring Tegel: 1. Mr. Sastramoeljana, advocaat; 2. R. Ng. Sasrahadikoesoema, controleur pagantosan.
- II. Kieskring Pakalongan: 3 R. M. A. A. Dipakoesoema, boepati Batang; 4. R. A. A. Soedara Soerahadikoesoema, boepati Pemalang.
- III. Kieskring Semarang: 5 R. M. T. Aminoejita, boepati; 6 R. M. A. A. Natahamidjaja, boepati Kendal.
- IV. Kieskring Blora: 7 R. M. T. Tjakraingrat, boepati Blora.
- V. Kieskring Banjoemas Lèr: 8 R. A. A. Gandasoerata boepati Banjoemas, 9. Mr. Sastramoeljana, advocaat (nanging Mr. Sastramoeljana sampoen kapilih kieskring Tegel).
- VI. Kieskring Banjoemas Kidoel: 10. R. A. A. Iskandar Tirtakoesoema boepati Karanganjara.
- VII. Kieskring Wanasaba: 11 R. T. A. Sasradipradja, boepati Wanasaba.
- VIII. Kieskring Kedoe: 12. R. A. A. Danoesoeganda, boepati Magelang; 13 R. Soeprapta, fiscaal griffier.
- IX. Kieskring Bagèlèn: 14. R. T. Hasan, boepati Poerwardjaja.

Pranatan toemrap taxi toewin bis.

Wiwit woelan Djanowari ngadjing, provincie-provincie tjalon ngedalaken pranatan énggal toemrap taxi toewin motor bis rikating lampahipoen kedah namoeng 40 kilo meter ing dalem saedjam. Manawi preloe malah rikating lampah samanten waoe dipoen soeda.

Serat-serat ingkang dateng para pantoentoen.

Dèrèng dangoe ing serat-serat kabar katjarjosaken bilih Paréntah tansah ngoelat-oelataken serat-serat ingkang dateng para pantoentoening ébah-ébahan kabangsan Indonesia, kadosta: serat ingkang dateng Ir. Soekarna, Mr. Sartana, lss. Serat-serat ingkang kasoemelangaken malah kadawoehan ngandeg wonten pos.

Lekas ingkang makaten poenika manoe pratelanipoen pangageng pos pantjèn wonten wawatonipoen. Déné wawaton waoe kaseboet ing kakantjangan karadjan 25 Djoeli 1893 angka 36, kapatjak wonten staatsblad Indija 1893 angka 240, soeraosipoen: ingkang wadjab angsal wewenang niwer sarta ngandeg serat-serat ingkang medal pos. Ing bab 142 staatsblad 1925 angka 447, njeboetaken bilih wawadosing serat-serat ingkang medal pos kedah kareksa; nanging poenika kadjawi manawi wonten dawoehipoen ingkang wadjab.

Inkang wadjab ing ngrikoe kalebet opsir justitie, rechter commissaris, sarta para ambtenaar pangadilan ingkang mariksa prakawisipoen tijang siti.

Napoleonipoen djaman samangké, boten wonten sanès kadjawi serat kabar!

Serat kabar, saged ngeloen djagad, ngimpoen sakabat!

Serat kabar, pantjèn soegih daja, soegih koewasa!

Saking agenging daja lan koewasanipoen, ngantos sang winasis Louis Veuillot, tjarijos: „Saoepama akoé mangerti sésoek djagad iki leboer, sing dak pikir disik déwé: ngetokaké lajang kabarkoe sawetonan manèh. Awit, akoé mangerti terang, wetoening lajang kabar sing wekasan iki maoe, mesti bakal isih andajani!”

Serat kabar pantjèn koewas! Mila lajak kémawon ing poendi-poendi wonten ihtjar angedegaken serat kabar, andandosi koran!

Sad. Tabrani ngedalaken boekoe „Ons Wapen.” Sedyanipoen, inggih ngadjangaken serat kabar (ipoen bangsa Indonesia); nginggilaken dradjading koranipoen bangsa ngrika.

Sadèrèk Tabrani tjarijos: „Korané bangsa Indonesia èndèk!” Inggih èndèk ing bab isi, inggih andap ing bab economie!

Nanging poenika lepatipoen sinten?

Pandjenengan pirs: serat-serat kabar bangsa Éropah sami anggadhahi babaoe pinten-pinten tijang wasis! Para ahli bangsa Kilèn, katah ingkang sami ambiantoe adjenging serat kabar, sarana ambèbèr kawroehipoen, noelaraken pangretosipoen, wonten ing kalangan serat kabar! Margi makaten waoe, isining serat kabariipoen saged inggih!

Wangsoel, ing kalangan kita, katah para wasis bangsa Indonesia! nanging boten katah ingkang poeroen ngoerbanaken pènipoen kanggé adjenging serat kabar! Katah ingkang soegih pangretos, nanging boten poeroen anggelaraken wonten salebeting serat kabar!

Tandoekipoen koran-koran Walandi dateng koranipoen bangsa kita, ingkang katah, njapèlèkaken! Algemeen Handelsblad, Midden Java, lss. sami tjarijos: „Bangsa Éropah ing tanah Indonesia sami boten patos migatosaken oetawi babar pisan boten anggatosen serat-serat kabariipoen tetijang Priboemi. Awit, sapisan boten patos mangretos basa Melajoe; lan saepami wonten ingkang saged, boten lega manahipoen déning pakabaran

ing ngrikoe katah sanget ingkang boten leres. Sakedik sanget tjtahing journalist bangsa Indonesia ingkang pantès. Katah-katah ipoen malah pangretos bab journalistiek kémawon boten mangretos babar pisan. Jèn njerat namoeng waton njerat kémawon! Para correspondent anggènipoen njerat pakabaran namoeng saking getok-toelar kémawon. Lan inggih getok-toelar poenika wonten kalangan pers Priboemi sampoen kanamakaken: kanjataan; enz. enz.

Sinten ingkang lepat, déné koran kita ngantos dipoenanggep makaten déning golongan ngrika?? Inggih leres boten sadaja ingkang dipoenwedarken koran ngrika kaseboet ing nginggil poenika sadaja, njatal Nanging, kita pantjèn kedah ngoedi sageda koran kita kanggep wonten poendi-poendi, sanadjan doemoeogia ing djagad internasional pisan!

Sagedipoen makaten, manawi para anakipoen Indonesia ingkang kinaot, sami poeroen toemandang soeka pambijantoe dateng adjenging koran-koranipoen bangsa pijambak, sarana anoelaraken pangretosipoen.

Mila, inggih leres sanget manawi wonten boekoe „Ons Wapens” waoe, sadèrèk Tabrani tjarijos: „De geheele Indonesische intellectueele wereld en niemand anders, is verantwoordelijk voor het al of niet hooge peil onzer journalistiek.” Soeraosipoen: Kaoem intellect bangsa Indonesia anggadhahi tatanggalan toemrap inggil lan andaping daradjading persipoen bangsa ngrika!

Prakawis poenika pantjèn inggih njatal Anak-anakipoen Indonesia djaman sapoenika sampoen katah ingkang pinter! Nanging sakedik ingkang poeroen toemandang angdjengaken bangsanipoen sarana nglampahaken pènipoen wonten serat kabar! Malah inggih katah sanget ingkang ngéwani koran-koran Priboemi, dipoenpilalah milala koran-koran ngrika; margi, kamanah koran ngrika langkoeng menang, manawi remban langkoeng mapan, langkoeng maton! Saepami prijantoe wasis ingkang makaten waoe ladjeng karsa toemandang andandosi koranipoen bangsa oetawi golongan pijambak, mesti awis wonten oetjap ingkang makaten.

Samanten roemijin bab serat kabar! Kumuningsaselé 10 Nov. '29. Taklim PATJAR MERAH.

Njonjah de Graeff.

Bat. Nieuwsblad martosaken: gagoetan kalijan kasarasan, njonjah de Graeff (garwanipoen G.G.) badé toemoenten kondoer dateng nagari Walandi.

B. O. Semarang.

Kala 3 Nov. B. O. Semarang ngawontenaken parepatan oemoem kanggé nglahiraken boten tarimaging manah. Parepatan netepaken motie asoeraos njoewoen soepados poetoesanipoen gemeente Semarang kala 10 October 1929 dipoenbatalaken. Déné poetoesianing gemeente waoe nedya ngawontenaken paos grobag: f 10, paos dilman f 5. Poetoesian ingkang makaten waoe saking pamawasiipoen parepatan: toemrap tijang ingkang kataman nama kawrat sanget.

Doekoen moestadjab.

N. Wonten Sedyatama njerat makaten: Kabar saking Madjoen ing doesoen Kedoengbantèng distrik Toerènmalang wonten doekoen kados pak Bedor, nama rama Slamet. Koela njatakaken wonten tijang boedeg sakawan namoeng dipoenabani: „waras! waras!” kok inggih saras sajektos, dipoentjeloeki saking kabebihan sami saged soemaer. Nanging manah koela meksa mastani doekoen waoe bangsaning kradjingan, déning tansah anggrèmèng boten wonten kèndelipoen. Koela dipoensoekani donga pating tjéwo, koela damel boentel boeboek. Poenika inggih warninipoen tijang pados tedi! (Saged oegi tjangipoen boedeg waoe damelanipoen rama Slamet pijambak! Red. Sw. T.)

Sekolahan nenoen madjeng.

Sekolahan nenoen gadahanipoen Studieclub ing Soerabaja, madjeng. Katah sanget tijang ingkang kawangsoelaken margi boten komanan papan. Bestuuring pamoelangan waoe anamtokaken badé ngintoenaken moerid ngrikoe sakawan dateng Bandoeng, preloe ngadjengaken sekolahan nenoen wonten ngrikoe. Manawi bédjng sampoen katari-mah iksamenipoen, tijang waoe kapapanaken wonten Soerabaja, Malang kalijan Ambon. Semanten oegi

CORRESPONDENTIE.

Abn. No. 294 sampoen tjepak.
Abn. No. 393, leres pangandikanipoen: pandjenengan lagganaan limrah.
Abn. No. 671 pandjenengan sampoen sah taen poenika.
Abn. sampoen boten perloe kapatjak, ingkang satoenggal poen srantosaken.
Bajoewara [C. R.] Sanèsipoen boten saged kapatjak.
R. Ng. M. S. sampoen tjepak.

pangrèhing pamoelang kaseboet sapoenika saweg ngoepados laré wedalan Technische school pérangan mesin lan sampoen anindakaken praktik, badé kakintoenaken dateng Bandoeng kapoerih njinaoe bab nenoen lan poenapa-poenapa ingkang gagoetan kalijan nenoen. Manawi angdjenging sampoen saged, badé kangkat dados pantoentoening sekolahan nenoen. Wiwit dados moerid wonten Bandoeng waoe, tjalon intellectueele leider poenika sampoen pikantoe blandja boten kawon kalijan B. B. L. (Sri).

Koeli arak-arakan.

Ing onderneming Tandjongbringning mentas wonten koeli Tionghoa 400 sami damel arak-arakan wonten sangdjenging kantoripoen administratif. Ingkang dados sababipoen: gandéng kalijan kalintoening pambajaran. Sanalika ngrikoe pèl-poelisi kadatengaken. Bènggolipoen sakawan katjepeng, kawontenanipoen wangsoel tentrem malih.

Tjibesar.

Poenika namaning baita ingkang malampah tanah Djawi-Tionghok-Djepang. Baita poenika kalebet ageng sanget, lan sami-sami baita momotan ingkang natè laboeh ing palaboehan Indonesia ngrika, kalebet ageng pijambak. Pandjanganipoen baita waoe langkoeng saking 158 meter, agengipoen langkoeng saking 30.000 kub. meter. Kala tanggal 1 Nov. kapengker poenika, kapal Tjibesar laboeh wonten Tjilatjap, mentas saking Tg. Prioeck. Anggènipoen mampir dateng Tjilatjap preloe momot bektan gendis wawrat 4000 ton.

K A B A R O E M O E M .
INDONESIA.

Sanatorium I.E.V. ing Nangka djadjar.

Pambantoe Koerter ing Malang njarijosaken bilih ing Nangkadjadjar tjalon wonten sanatorium gadahanipoen I.E.V. njoedijani tetijang Éropah ingkang boten gadah. Pangarsa I.E.V. malah sampoen moeloengaken siti kalijan lalalahanan kanggé preloe poenika.

Directeur Bestuurschool.

Dirèktoering pamoelangan kaseboet, toean A.J.N. Engelenberg wiwit tanggal 13 Nov. kakèndelan kalijan hoermat awit saking panoe-woenipoen pijambak, lan oegi kaparingan tarima kasih. Gegentosipoen sami goeroe ing ngrikoe toewan: A. de Geus.

Parepatanipoen para ahli barang kina.

Aneta mireng: wonten oesoel dateng Paréntah soepados ngoetoes Dr. Van Stein Callenfels dateng Singapoera, preloe rerembagan prakawis barang-barang kina kalijan para saged ing ngrika. Dr. Winsted anggadhahi nijat pendak tigang taen sapisan ngawontenaken parepatanipoen para saged babagan barang-barang kina ing nagari-nagari pacifik.

Siswa djaler kalijan èstri.

Dar, ing Sedyatama njerat makaten: Wekdal sapoenika tetijang ing

Soerakarta saweg katah ingkang migatosaken tradjanganipoen para siswa djaler ingkang sami remen anggoda dateng kantjanipoen siswa wanita. Malah rembagipoen ladjeng kelahir dados paben wonten serat kabar, sarta ladjeng santoen salaga sawarni dados pasoelajaning goeroe kalijan tijang sepoehing moerid.

Tetah-tinètah dateng lelampahan ingkang sampoen kaladjeng, poenika jektosipoen tanpa damel, prajogi ngihtjari kawiloedjengan ing tembé kémawon.

Mikir derenging djedjaka kalijan kenja, pantjèn angèl, nanging nama kainan jèn namoeng ladjeng kasebar kémawon. Mila kala roemijin ing Soerakarta ngantos wonten pakempalan winados ingkang sedyanipoen roemeksas kasoelaning laré èstri sakolah, toer inggih katingal ageng paédahipoen, éman ladjeng sirna margi lajoe. Bok mangga sami kabangoen malih.

(Temenipoen boten namoeng ing Soerakarta kémawon ingkang wonten lalampahan siswa djaler siswa èstri. Ing poendi-poendi kita ageng ingkang ing ngrikoe katah sanget moeridipoen, inggih mesti wonten lalampahan makaten poenika. Kanggé ngihtjari prakawis poenika langkoeng oetami manawi pakempalan-pakempalan

